



nekkal ci àdduna mel ni ku tumurànke walla kuy jaar ciw yoon

Jéle nañu ci Abdullah ibn Umar yal na leen Yàlla dollee gérém mu wax ne: Yonnente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc dafa jàpp ci sama mbagg daal di ne ma: «nekkal ci àdduna mel ni ku tumurànke walla kuy jaar ciw yoon», ibn Umar, daan na wax naan: boo gontee bul xaar suba, boo xëyee bul xaar ngoon, nanga jël ci sag wée ñeel sag tawat, ak ci sag dund ñeel sag dee.

[Wér na] [Al-buxaariy soloo na ko]

Ibn Umar yal na leen Yàlla dollee gérém dafa wax ne Yonnente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc dafa téye ci mbaggam -te mooy li boole doole ji ak yaxu mbagg mi- mu ne ko: nekkal ci àdduna mel ni doxondeem bu ñew ci ab dëkk bu mu amul dëkkuwaay bu ko yiir, walla aji-dëkk ju koy dalal, mu wéet wolif njabootam ak i mbokkam ak i xameem, yi nga xam nooy waral soxlawoo wolif Aji-Bind ji, waaye nanga gën a tar doxandeem bi ci jamono ya muy jérggi di romb ca yoon wa ngir wuti réewam; ndax doxandeem bi amaana mu dëkk ca réewum tumurànke ma daa di fay sax, mu wuute ak kiy jérggi yoon wi jublu dëkkam, ndax bokk na ci ay mbiram woyofal ak ñakk a taxaw, ak xér ci egg ca dëkkam, kem ni nga xamee ne aji-tukki ji soxlawul lu ëpp lu koy eggale fa mu jublu a tukki, niki noonu it aji-gëm ji du aajowoo ci àdduna lu ëpp lu koy eggale ca barab ba. Ibn Umar jëfe ndénkaane lii, daan wax naan: boo xëyee bul xaar ngoon, boo gontee bul xaar suba, te nga limaale sa boppu ci ñi faatu ñi ak ne dund gi du ñaak wér ak feebar. Gaawantul ci sa bisi yi nga am wér ci topp Yàlla ngir sag feebar; nga gaawantu ci jëf yu baax ci jamanoy wér balaa feebar di dox sa diggante ak moom, te nga gaawantu sag dund ci àdduna, dajale ca lu lay jariñ ginnaaw boo deewee.

<https://sunnah.global/hadeeth/wo/show/4704>